

ÈNTÈVANSYON APRÈ TRANBLEMANNTÈ AYITI

BILAN SENK LANE PASE YO | JANVYE 2015



American Red Cross

Mesaj Prezidant Direktris Jeneral la

Gen senk ane ki pase depi tranblemanntè a te devaste Ayiti, jodi a, plizyè milyon Ayisyen pi an sekirite, pi an sante, pi rezistan, epi pi byen prepare pou lòt dezast ki ta kapab vini, gras ak bèl don Lakwawouj Amerikèn te resevwa.

Don sa yo te pèmèt nou bay sèvis pou sove lavi moun, pou repare ak konstwi kay, bati ak sipòte lopital, mete sou pye pwogram prevansyon ak tretman kolera. Don sa yo ede moun yo ak kominote yo rebati ak retabli depi lè tranblemanntè a te pase Ayiti nan ane 2010 la. Don sa yo te vrèman ede pèp la, yo te bay pèp la espwa.

Donatè nou yo, ki se gwo konpayi, kliyan ki bay lajan kach, moun ki bay \$10 US pa tèks ak timoun lekòl ki fè kotizasyon, kontribye ak yon montan total 488 milyon dola ameriken pou pèmèt Lakwawouj Amerikèn travay an Ayiti.

Pandan senk ane ki sot pase yo, Lakwawouj Amerikèn te angaje l pou depanse don sa yo ki te bay pou Ayiti avèk anpil sajes ak efikasite, epi nou kwè nou rive fè sa tou. Nou depanse oswa pran angajman pou depanse tout 488 milyon dola ameriken sa a ki te bay pou tranblemanntè Ayiti a nan pwojè ak pwogram pou ede plis pase 4,5 milyon Ayisyen.

Pèsonèlman, mwen te temwen dega, gwo sezisman ak lapenn ki te genyen nan jou apre tranblemanntè a, kote moun yo t ap jis eseye jwenn lamanjay, dlo ak swen sante. Mwen wè pwogrè ki fèt epi mwen wè lespri rezistans pèp ayisyen an retounen, paske Ayisyen yo rebati vi yo ak kominote yo. Chimen pwogrè sou wout rekiperasyon pa janm fèt rapidman jan nou ta renmen l an, men tout kote w gade, gen yon diferans remakab an Ayiti. Mwen santi m trè fyè de tout sa nou akonpli.

Gras ak bon kè w, anpil moun rive relanse biznis yo oswa lanse nouvo biznis, epi gen moun ki rive rebati kay yo ; dekonb ki te prèske kouvri tout bagay leve ; fanmi yo gen pi bon aksè ak bon kalite swen medikal, dlo pwòp ak enstalasyon sanitè ; jèn yo jwenn fòmasyon pou travay ; epi katye yo pi byen prepare pou ijans tankou siklòn.


Li enpòtan pou konnen travay sa a fèt nan tèt kole avèk Lakwawouj Ayisyèn ak òganizasyon lokal yo, nan sousi pou

sipòte epi ankouraje yon kilti pèmanan nan preparasyon kont dezast.

Senk ane se anpil tan, li kapab difisil pou sonje tout dega yo ak gwo bezwen Ayiti genyen. Mwen garanti nou Lakwawouj pa bliye, epi gras ak èd ou, nou travay ansanm avèk pèp ayisyen an pou bati yon pi bon avni.

Gail McGovern

Montan total fon ki depanse ak fon ki angaje



Lakwawouj Amerikèn te resevwa 488 milyon dola ameriken don pou repons tranblemanntè Ayiti a, epi li depanse oswa pran angajman pou depanse 100 pousan nan fon sa yo. Yon mwayèn 91 santim sou chak dola Lakwawouj Amerikèn depanse te envesti nan sèvis imanità ak nan pwogram yo.




Pwogram pou ede Ayiti

5 ane repons ak rekouvremant

Lakwawouj Amèriken travay nan 72 kominote pandan 5 ane ki sot pase yo.

Vizite redcross.org/haiti pou plis enfòmasyon.



Kèk chif enpòtan nan pwogram nou

4,2 milyon moun

benefisyè nan aktivite pwomosyon ijyèn



551 000 moun patisipe nan aktivite pou preparasyon kont dezaz ak pou diminye risk



388 000 moun benefisyè èd pou jwenn mwayen pou viv



3,5 milyon moun benefisyè sèvis prevansyon ak repons epidemi kolera



867 000 moun benefisyè sèvis sante kominotè



Plis pase 4,5 milyon moun kòm benefisyè antou*



132 000 moun benefisyè nan kad lojman/rekonstriksyon katye



556 000 moun benefisyè aksè pou jwenn pi bon kalite dlo ak èvis ijyèn



*Anpil nan moun Lakwawouj Amèriken ede yo te resevwa divès kalite sèvis.



Rebati vi ak kominote

Tranblemanntè a te kraze anpil batiman, plen lari a avèk dekonb epi mete presyon sou yon ekonomi ki te deja frajil. Mete kominote yo sou pye vle di plis pase jis rebati enfrastrikti. Men, wout rekonstriksyon an touche yon pakèt bezwen tankou swen sante, dlo ak ijyèn, lojman, mwayen pou viv, pwogram pou jèn yo ak prevansyon vyolans sou fanm.

Pwogram LAMIKA (Lavi Miyò nan Katye m) Lakwawouj Amerikèn nan te itilize yon apwòch jeneral pou remete sou pye zòn Kafoufèy. Nou te travay ansanm avèk manm kominote yo pou n te ka konnen bezwen yo genyen ki pi ijan yo, epi ansanm nou mete nou an aksyon.

Manm kominote yo te fè nou konnen rebati kay ak enfrastrikti yo te enpòtan anpil. Yo te priyoreze kèk kay espesyal, lekòl, batiman piblik yo ak lòt espas pou rebati nan kad pwogram Lakwawouj Amerikèn nan zòn sa a.


Akoz pwoblèm kouran ki genyen an Ayiti, kominote a te tèlman fè nwa nan aswè, moun nan zòn nan te konn pè soti epi timoun yo pa t kapab fè devwa yo apre solèy kouche. Kounya, gen limyè ki mache ak enèji solèy la ki enstale nan kominote a pou ede anpeche krim, ogmante sekirite, epi ogmante valè tan manm kominote a kapab rete nan lari ak fè biznis. Lakwawouj bay manm kominote a fòmasyon sou

antretyen ak reparasyon limyè sa yo, pou ede kominote a toujou gen sekirite nan ane k ap vini yo.

Akòz jewografi Ayiti, l ap toujou anba menas katastwòf natirèl. Lakwawouj fòme plizyè ekip volontè sou premye swen, teknik rechèch ak sekou. Ekip yo resewa ekipman tankou megafòn, pèl ak twous premye swen pou pèmèt yo pote sekou lè gen yon dezast. Kounye a gen yon sistèm alèt ki etabli pou avèti manm kominote a lè gen yon menas. Anplis, fanmi yo gen yon plan aksyon kominotè y ap swiv, se kominote yo ki te ekri plan sa yo gras ak sipò Lakwawouj Amerikèn.

Lakwawouj travay nan tèt kole ak lekòl yo pou amelyore enfrastrikti yo epi fòme elèv ak pwofesè yo sou premye swen ak kòman pou pote sekou lè gen katastwòf. Anplis, nou bay edikasyon sou lasante epi fè pwomosyon ijyèn nan lekòl yo pou anpeche pwopagasyon maladi ki ka touye moun tankou kolera.

Soti nan edike moun sou vyolans nan koze fanm ak gason, rive nan fè kanpay sante ak fòmasyon pwofesyonèl, Lakwawouj konsantre l sou yon pakèt bezwen ki gen nan Kafoufèy, paske nou rekonèt blòk ak mòtye se jis yon pati nan rekonstriksyon yon kominote.



Landy te toujou rete lakay li apre solèy kouche, li te pè mache oswa al fè komisyon nan fènwa. Men, aprè Lakwawouj Amerikèn fin enstale poto limyè ki mache ak enèji solèy la bò lakay li, tout bagay chanje. Kounye a, menm lè solèy fin kouche, Landy kite komès li louvri anba poto limyè pou vann mayi boukannen san kè sote. Zanmi fi li yo awwe yo santi yo pi an sekirite pou yo soti pou kont yo nan aswè.



Amelyorasyon sante nan kominote yo

Depi lè li konnen l'asent, Elièse Louis ap swiv nan nouvo Lopital Mibalè a, lopital sa a konstwi an pati avèk finansman Lakwawouj Amerikèn, pou fanm asent kapab pran swen anvan, pandan, epi aprè akouchman. Nan jen 2014, li akouche yon bèl pitit gason, Lovensky, ki kouche bò kote l nan sal matènite a. Elièse di « Yo byen okipe m ». Li soti nan katye Bèlè pou vinn nan lopital la. « Lopital la ofri bon jan sèvis. M ap lapriyé pou li pa janm chanje ».

Sistèm sante peyi d'Ayiti te deja frajil epi tranblemanntè a fè l vin pi mal toujou. Depi tranblemanntè a, Lakwawouj Amerikèn angaje 98 milyon dola ameriken pou fasilite moun jwenn swen sante an Ayiti.

Nou te bay èd nou yo nan limedya, epi san relach. Nou fè livrezon 5 300 plakèt san aprè tranblemanntè a ; yon gwo kanpay pou anpeche epi tretre kolera ; konstriksyon, reparasyon ak rann fonksyonèl plizyè enstalasyon medikal ; kanpay vaksinasyon ; ak yon gwo pwogram edikasyon sou lasante. Jounen jodi a, sèvis sante kominotè tankou

distribisyon moustikè, sansibilizasyon sou maladi malarya, ak premye swen, rive jwenn plis pase 867 000 moun.

Kèk mwa aprè tranblemanntè a, yon epidemi kolera vin frape Ayiti. Nan kolaborasyon avèk otorite lokal ak entènasyonal, Lakwawouj Amerikèn te rive ede plis pase 3,5 milyon Ayisyen konbat menas maladi kolera nan ede yo pou yo pa trape maladi a, bay tretman rapid pou moun ki deja enfekte, epi travay pou chanje kondisyon ki pèmèt kolera gaye nan peyi a.

Konbat maladi kolera mande etablisman ak finansman inite espesyalize nan tretman kolera, amelyorasyon nan sistèm dlo ak ijyèn, ansanm avèk yon gwo kanpay edikasyon piblik pou ankouraje bon jan pratik ijyèn. Lakwawouj Amerikèn te depanse prèske 47 milyon dola ameriken pou asire fanmi yo gen aksè ak bon dlo, latrin ak amelyorasyon kondisyon ijyèn yo, ansanm avèk konstriksyon yon sant tretman nan Mòn Kabrit, premye sant tretman dechè dlo an Ayiti.





Reparasyon ak konstriksyon lopital ak klinik

Nan semèn tranblemanntè a te pase a, anviwon 300 000 moun te blese, sa te vin lakoz yon gwo nesese pou swen medikal imedyat ak pou terapi fizik pandan yon long peryòd. Lakwawouj Amerikèn depanse plizyè milyon pou repara, konstwi epi rann fonksyonèl 8 lopital ak klinik, tankou depans pou fonksyonman Lopital Bernard Mevs (Bènamez) ak Lopital Inivèsite (Lopital Jeneral).

Lakwawouj Amerikèn kontribye ak 10 milyon dola ameriken pou rekonstriksyon Lopital Sen Michel nan Jakmèl, ki se sèl lopital nan rejyon sidès Ayiti.

Nouvo Lopital Mibalè a, yon lopital ki bay fòmasyon, te ouvri an 2013. Lopital sa gen plis pase 300 kabann, epi li ofri pasyan yo bon kalite swen. Lakwawouj Amerikèn te bay 5,5 milyon dola ameriken pou konstriksyon lopital sa a.

Yon klinik pwotèz ak reyabilitasyon fizik te rekonstwi an 2012. Kounye a sant sa ap bay anpil moun sèvis pami plizyè milye moun ki te blese grav.



Daniel Cima/Lakwawouj Amerikèn

Investisman Lakwawouj Amerikèn nan enfrastrikti sante





Soti nan kan pou ale nan lojman ki asire

Akoz kay ki te kraze ak kay ki te sibi domaj nan tranblemanntè a, plis pase 1,5 milyon moun te oblije al viv nan kan toupatou nan vil Pòtoprens ak nan lòt zòn nan alantou Pòtoprens. Yonn nan pi gwo priyorite pèp ayisyen te gen pou moman an se te konstriksyon abri pou moun ki t ap viv anba prela ak anba tant, se konsa Lakwawouj Amerikèn te ede 132 000 Ayisyen al viv nan pi bon kondisyon. Li ba yo abri pwovizwa ak sibvansyon pou lwe kay ki repare ak kay ki te fenk konstwi.

Lakwawouj Amerikèn pa sèlman repare plizyè milye batiman ki te andomaje, men li ranfòse plizyè kay ak pi bon materyèl

konstriksyon pou garanti kay yo pi rezistan fas ak lòt katastwòf ki ta kapab rive. Jounen jodi a, nou gentan pèmèt konstriksyon, amelyorasyon oswa reparasyon plis pase 15 000 kay pwovizwa ak pèmanan, epi sibvansyone lwaye kay pou plis pase 27 000 moun.

Nou rive bay plis pase 9 800 moun fòmasyon nan teknik konstriksyon ak antretyen kay ki fenk repare yo, se konsa kay yo ka kenbe moun ki ladan yo an sekirite pou anpil tan.



Li byen bonè nan maten, epi solèy cho Ayiti a apèn leve pandan Junior Ducasse pare pou l ale travay. Li soti nan pòt lakay li epi fèmen l ak kle. Kèk mwa avan, jès senp sa a pa t ap posib. Nan mwa out 2014 la, Junior te deplase soti nan yon kan pou l ale rete nan yon kay ki kapab reziste kont tranblemanntè. Kay la chita nan Kafoufèy, yon katye an Ayiti. « Yè li te fè lapli. Se ak kè kontan mwen chita lakay mwen. Mwen ri lè mwen reyalize m pap mouye. Se te yon plezi pou mwen ».



Amelyorasyon lavi ak kreyasyon opòtinite

Ginette Antenor louvri stidyo li nan Pòtoprens nan lane 2011. Sa te pèmèt li seleksyone nan yon pwogram Lakwawouj Amerikèn ki ede antreprenè amelyore biznis ak konpetans maketing yo. Aprè tranblemanntè a, pa t gen anpil opòtinite pou jèn yo, se konsa Ginette trase chimen l poukont li epi li espere elaji biznis li avèk konpetans li fenk pran, tankou analiz mache, relasyon avèk kliyan ak piblisite. Ginette di : « Depi w byen trete kliyan w yo, se biznis ou w ap byen jere an menm tan ».

Tranblemanntè a te gen yon grav enpak sou ekonomi Ayiti, plizyè milyon moun te pèdi sous revni yo. Lakwawouj Amerikèn te depanse oswa angaje 48 milyon dola ameriken nan fòmasyon pou travay ak kreyasyon travay, don lajan kach ak pwogram pou ede moun jwenn mwayen pou viv an Ayiti.

Avèk plis pase mwatye popilasyon ayisyèn nan ki poko gen 24 an, epi ak gwo nivo chomaj ki gen bò kote jèn yo, sa gen yon enpòtans kapital pou amelyore kondisyon yo pou falisite debouche ekonomik. Pou reponn ak bezwen kritik sa a, Lakwawouj te kòmanse yon pwogram pou ede antreprenè yo amelyore biznis ak konpetans maketing yo. Mèt ti biznis sa yo aprann kijan pou yo sible mache yo, evalye avantaj yo genyen nan konpetisyon an, ak kijan pou yo rive jwenn nouvo kliyan.



Lakwawouj pral elaji kad la pou kreye opòtinite ekonomik nan zòn Kanaran, ki chita andeyò Pòtoprens, epi pou jèn ki vilnerab nan zòn Site Solèy ak Matisan.

Pwogran pou ogmante mwayen ekonomik

Lajan nou bay ak lajan nou prete plis pase 250 000 moun te pèmèt anpil fanmi achte bagay pou kay yo ak lòt materyèl esansyèl, epi li te ede fanmi yo peye lekòl. Lajan sa a te pèmèt plis pase 2 700 timoun tounen lekòl rapidman.

Pandan lajan nou bay ak lajan nou prete ap ede moun yo lè yo nan bezwen, nou rekonèt pou yon relèvman ekonomik dirab, li esansyèl pou kreye mwayen pou pèmèt moun jwenn travay. Pwojè Lakwawouj Amerikèn finanse te pèmèt plis pase 78 000 Ayisyen jwenn travay tankou leve dekonb ak nan konstriksyon.

Pou amelyore opòtinite ekonomik nan zòn nan, Lakwawouj ofri fanm ak gason, sitou jèn yo, fòmasyon pwofesyonèl ak fòmasyon pou travay. Sa rive fèt gras ak staj ak sipò pou ti biznis.



Vanse pou pi devan

Lakwawouj Amerikèn ede plis pase 4,5 milyon moun depi tranblemanntè 2010 la, 100 pousan lajan ki te kolekte te depanse oswa angaje pou ede Ayisyen yo rebrann yo epi asire pwogrè ki fèt an Ayiti ap dire lontan. N ap kontinye konsantre nou sou sante, opòtinite ekonomik ak ede kominote yo prepare epi fè fas ak nenpòt ki dezast ki ta kapab vini sou wout yo. Pou swiv dewoulman pwogram rekiperasyon Lakwawouj Amerikèn an Ayiti, tanpri vizite redcross.org/haiti.

Mèsi

Misyon Lakwawouj Amerikèn se anpeche soufrans lèzòm fas ak ijans. Kokennchenn jenewozite sipòtè nou yo, tankou sitwayen, konpayi ak fondasyon, se pilye kapasite nou pou bay moun ki nan bezwen soulajman epi ede patnè nou yo ki nan rezo mondajl Lakwawouj la.

